



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POU ANKOURAJE VAKSINASYON COVID-19  
POU TIMOUN AK FANMI YO**

*Depatman Sèvis Finansye ak Depatman Sante a pibliye lèt pou ankouraje  
Gouvènman Federal la Asire Kouvèti Asirans pou vizit enstriksyon pou vaksen  
COVID-19 la pou timoun ak fanmi yo*

*Depatman Sèvis Finansye a pibliye nouvo lèt enstriksyon pou sektè asirans New  
York la pou bay motivasyon pou vaksen an*

*Li [lèt DFS ak DOH](#) bay Gouvènman Federal la*

*Li [lèt enstriksyon DFS](#) bay sektè Asirans New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ap mande gouvènman federal la pou pibliye enstriksyon pou konpayi asirans yo kouvri konsiltasyon vaksinasyon COVID-19 yo pou timoun ak fanmi yo. Gouvènè a te anonse tou ke DFS ap pibliye enstriksyon pou konpayi asirans yo pou ankouraje yo kreye nouvo motivasyon ak rekonpans pou Nouyòkè ki vaksinen oswa ki pran dòz siplemantè a epi akselere tout apwobasyon ki nesèsè pou ajoute pwogram sa yo nan politik asirans yo.

"Eta New York kontinye mete aksan sou enpòtans pou vaksinen - ki se meyè fason pou nou kenbe timoun ak fanmi yo an sekirite, espesyalman pandan n ap goumen kont vag sezon ivè a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplis, efò konplè nou pou vaksinen Nouyòkè yo, ki enkli #VaxForKids ak sit vaksinasyon tanporè yo, n ap pran mezi lè nou mande gouvènman federal la ankouraje konpayi asirans yo kouvri konsiltasyon vaksinasyon yo epi lè nou mande konpayi asirans New York yo pou pwofite de pwogram byennèt ak rekonpans yo pou ankouraje moun ki asire yo vaksinen. Vaksen an san danje, li efikas, gratis, epi disponib toupatou nan eta a epi li enpòtan ke nou tout itilize zouti enpòtan sa ki nan dispozisyon nou."

**Sipèentandan Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare,** "Depans medikal enprevi ki ka vini ak tretman COVID-19 ka afekte kapasite yon paran pou mete manje sou tab la, se poutèt sa vaksen an bay yon plan pwoteksyon enpòtan pa sèlman pou sante timoun yo men pou byennèt finansye fanmi yo. DFS rekòmande ke konpayi

asirans yo kouvri konsiltasyon pou vaksen COVID-19 yo, pou motive tout Nouyòkè pou vaksinen epi pran dòz siplemantè a pou yo ka pwoteje tèt yo ak lòt moun kont viris la ak varyan li yo."

**Komisè Depatman Sante a Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Eta a kontinye fè tout sa ki posib pou asire ke paran ak responsab yo ka pran desizyon nan tout konfyans pou vaksinen timoun yo. Konsiltasyon gratis ak founisè sante pitit yo, ki se sous enfòmasyon ki pi fyab pou pran desizyon medikal, ap ede. Se poutèt sa, n ap mande gouvènman federal la pou pibliye enstriksyon pou konpayi asirans yo kouvri konsiltasyon vaksinasyon COVID-19 yo pou fanmi yo, k ap retire baryè aksè debaz sa. Tout Nouyòkè dwe gen aksè nan vaksen COVID-19 la ansanm ak bon jan enfòmasyon ki baze sou reyalite konsènan li."

Anons jodi a ap souliyen enpòtans pou bay enfòmasyon ki egzat sou vaksen an a fanmi yo atravè founisè swen sante yo fè konfyans. Nan dat 2 desanm 2021, Administrasyon Biden-Harris la te anonse yon nouvo egzijans pou Medicaid kouvri vizit enstriksyon pou vaksen COVID-19 yo kote founisè swen sante yo pale ak fanmi yo sou enpòtans vaksinasyon timoun yo, menm si vizit sa yo pa abouti sou yon vaksinasyon. Nan lèt DFS ak DOH pibliye a, New York ankouraje gouvènman federal la pou pwolonje enstriksyon sa pou kouvri tout konpayi asirans yo epi egzije ke konpayi asirans yo ranbouse konsiltasyon pou vaksinasyon COVID-19 la san kopèman oswa depans pataje pou fanmi yo. Mezi sa ap asire ke founisè swen sante yo ka pran tan pou reponn kesyon fanmi yo epi angaje nan diskisyon sou vaksen COVID-19 la, pou finalman amelyore pousantaj vaksinasyon jèn yo.

Lèt enstriksyon DFS la bay konpayi asirans New York yo pou sipòte pwogrè vaksinasyon COVID-19 eta a ak efò pou konbat viris la lè nou ofri rekonpans ak motivasyon pou moun ki asire yo vaksinen oswa pran dòz siplemantè a. Konpayi asirans sante yo otorize kounye a pou ofri modivasyon pou byennèt ki apwouve bay moun ki asire yo. Enstriksyon DFS la enfòme konpayi asirans yo ke pwogram sa yo ka itilize pou ofri rekonpans pou moun ki asire ki vaksinen oswa ki pran dòz siplemantè a epi ke DFS ap akselere tout apwobasyon ki nesese pou ajoute rekonpans sa yo nan politik asirans yo.

Li [lèt DFS ak DOH](#) bay gouvènman federal la.

Li [Lèt enstriksyon DFS](#) bay sektè asirans New York la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)